ХАЛИЙЛА ДӘЎЛЕТНАЗАРОВ

# ХАТ

*(Қосықлар)*

„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ БАСПАСЫ
НӨКИС—1980

www.ziyouz.com kutubxonasi

Халийла Дәўлетназаров республикамыздағы өсип киятырған талантлы жаслардың бири. Оның ышқы, муҳаббет ҳаққындағы лирикасы газета-журнал бетлеринен журтшылыққа көптен бери таныс.

„Хат“—шайырдың туңғыш топламы. Бунда булақ суўындай мөлдир муҳаббет, жоқары адамгершилик, гөззаллық сулыў сезим менен жырланады. Шайырдың туңғыш туйғылары жаслар жүрегине жол табатуғыны гүмансыз.

Д $\frac{45302}{М—357—(04)-80}$ 132-80 4702250000.

© „Қарақалпақстан“ баспасы,
1980

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АНАМ АЙТАР ЕДИ...

Анам айтар еди, урыс жылларын,
Ғамлы ертеклерин уйып тыңладым.
Бираз үйдиң оты өшип қалғанын,
Анам айтар еди,
Урыс жылларын...

„—Түн жарпында жылқышы қус шақырар,
Торaңғыллар үстинен Ай жүзеди.
„Тентек“ гәде қайтып, гәде тасыған,
Майсалар көмкерген суўдың жийегин.

Тыным таппай, ушып-қонар диғилдик,
Қубламызда „Қара жылға“ бар еди.
Өлпең самал менен назлы қубылып,
Нәрўан қамыслар ырғалар еди.

Аўылдың пайызлы жазғы ақшамы,
Қуслар тиллеринде жыр болар еди...

...Жағыс ызық-ызық, ерте намазшам,
Ай да булыт астынан тайғанар еди.
Кийиктей ылағын тапқан адасқан,
Анам жигербентин аймалар еди.

Ийинге илинген бөз шекийнелер,
Толы сөк, загара, жийне, патинге.

www.ziyouz.com kutubxonasi

Салқын леп жағада тынбай есиўде,
Мениң қарағым да минди кэгирге,

Басында бар еди қара шепеги,
Суўға еңгерилип, тынбай былғайды.
Жулқынар самаллар,
Булытлар көшеди,
Толқынлар туўлайды,
Жағыс шуўлайды,..

Көкирек дегенлер қарса айырылып,
Гүңиренер әлем, әлем гүрсинер.
Сел жаўды, сел, ким бундайда сабырлы,
Көз жасларда толас таппай силпилер...

Мийнеткеш атамыз сирә жантаймас,
Ақ шашлы аналар арба айдады.
Бир тислем НАН..,
Түсиңе енбес, пал-қаймақ,
Нәрестелер,
Желкилдескен айдары..,"

Анам айтар еди, „Қуўаныш Жарма"ның,
Бәҳәр әйямында толып-тасқанын
Еле, жазылмаған жүрек дағларын,—
Урыс из қалдырған, изи таспаның.

Айтар: ерип кетти ҳәсирет музлары,
Ығбал отларының гүрлеп жанғанын...
Жер жүзине ИЛӘҲИЙДА-нур дарыр,
Бирақ,
Жоқлар Анам, жоқлар, кеткен ТАРЛАНЫН!!!

*1977-жыл, май.*

www.ziyouz.com kutubxonasi

## АДАМНЫҢ КЕЎИЛИ

Таяқ таслам жер емес жақын,
Бунда шөллер далалар“ жатыр.
Бунда сансыз жулдызлар жайнар,
Бунда бийик таўлар бар, таўлар!

Инсан кеўили шексиз океан,
Сансыз толқын болып толқыған.
Ток қанша тез өтсе де сымнан,
Қәбийлетлирек, кеўиллер буннан.
Сезимлер бар жоқары вольтли,
Нәзиклиги, гүлде де жоқты.
Тасып кетсе бермес тегеўрин,
Айтып болмас адамның кеўлин!
Жүреклер тек, ҳағына соқса,
Инсанийат түсер ме еди отқа!
Қунсыз,—
Алтын-гүмислер қырўар,
Атомнан да күшлирек нур бар.
Бул көзлер ғой...
Болса да жебир,
Жалғыз сөзге-ақ, толады кеўил!

*1977-жыл, ноябрь*

## СЕН ЯР ҚАЙТЫП КЕЛ?!...

Сағынышыма шыпа әйлегил,
Көкирегим ғамнан жуўылсын!
Аш, сүйиклим, „әрман әйнегин“,—
Нәўбәҳәрдиң таңы қубылсын...

...Шаш баўыңа жүрдим шырмалып,
Ҳәмме қыздан ағла шырайың.
Зәррем қалмас,—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ышқы, қызғаныш,
Ҳүкимдар ғой, мен не қылайын?

Бас ийгенмен қудиретиңе,
Төздим сезим азапларына.
Мен жетермен, пәк нийетиме,
Миндим қыял қанатларына!

...Хошҳүрейлим уйып тыңлайын,
Әндийшең бар болса, айтып бер.
Тек,
тилеймен, кеўлиң, сынбаўын,
Бийқарарман,
сен яр, қайтып кел?!...

*1976-жыл, апрель.*

## ШЫПАКЕРЛЕР

Нурсыз көзлер жаўтаңласып жатқанда,
Үйдиң-күйдиң ғамын ойлаў деген не?!
Мешеллер...
Жапсақтың зарпын тартқанлар,
Қайра-қайра, жүрер ме еди жер басып,
Пидайылық етпесеңиз егерде!

Нурдай меҳириңиз, дәри-дәрмақлар,
Бетин қайтарады,
Қыстың ызғырық.
Көзлер жанған шамдур,
Сүйрик бармақлар,—
Жалғайды қайтадан үмит жиплерин,
Семген тамырларда қанды қыздырып!

Өмир ушын!
Тәғдир менен тиресип,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тынған жүреклерге демди үрлейсиз.
Кирпик қақпай турасыз-аў
Сиресип
Журт қатарлы, бир арқайын жүрмейсиз!
Ата, ана, перзентлердиң көз жасын,
Тыя алар!
Тек, бир ғана сөзиңиз...
Шабылғаннан бетер болар,
Өз басың,—
Көз жумылса, себепшидей әжелге,—
Жазғырасыз, өзиңизди-өзиңиз!
Нәкаслардың, нәрселерин қулатқан,
Өз қәддине жүресизлер келтирип.
Зәҳәрли сөзлердиң найзасын атқан,
Пейли тарлар,
Дым, әнтек ис етеди-аў,
Ҳақ жанлардың сезимлерин өлтирип!

Олар,—
Марҳум жанлар жүрек дегеннен,
Тек те, бас шайқатар,—
Несин айтасыз...
Ҳәр инсанға туўысқандай
Әменгер
Болып дәрт еңгерген қәдирданларды,
Бәрҳә,—
Гөр аўзынан алып қайтасыз!

*1979-жыл, апрель*

## МУЗАЛАР

Қыз туйғысы киби музалар,
Жүрегиме сиң шымбыр-шымбыр.
Жилўаланар гүлли қыябан,
Ленин проспекти,
гүмис нур...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Акация гүллеген жерлер,
Унатаман усы қәлпиңди.
Ҳаўа сулыў демиңе енген,
Жаслығымыз киби нәўпирли.

...Әне, сениң ақланған жайың.
Узақ сегбир тамам болар ма?
Дәт ўазаңыз ашылған сайын,
Қанатым жоқ, ушып-қонарға.

Есигиңниң алды қара тал,
Самал менен сыбырласады.
Еликлеген, билемен саған,
Өрим-өрим оның шашағы.

Тәбияттың бир арыўы Май—,
Мийзамкешиң, лапызлы жыршың.
Әйнегиңнен сығалайды АЙ,
Ол да саган алдырған ҳуўшын...

Ленин проспекти...
Гүмис нур
Жилўаланар, гәўҳардай ағар.
Жүрегиме сиң, шымбыр-шымбыр.
Ҳуўышымды алған музалар!...

*1976-жыл*

## ХАТ

Уйтқыды ғой, уйтқыр дүбелей,
Жүрегимде ҳаслан сейилмес.
Жайнап-жасна, доланшы гүлдей,
Нур шаш, бәҳәр таңына мегзес.

Айтылмаған сырлар бар, сырлар,
Кеўил қупиясын сақлама?



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жүрегимди тынымсыз тырнар...
Сен де кеўил бөлме, басқаға?!

*1973-жыл.*

## ҚОРҚЫНЫШЛЫ!..

Маған қорқынышлы, әрмансыз жасаў,
Онда. тириликтен жоғалар нышан.
Онда, жүрегимде тутылар матам,
Онда, бахыт қусы басымнан ушар!

Қорқынышлы бәле, дөҳмет ҳәм өсек,
Тарайтып жиберсе кең пейиллерди.
Татыў шаңарақтың ошағын көсеп,
Дизден қайтарады ҳәм зейинлерди.

Қорқынышлы, жүрсе арада жүргей.
Ажыратып болмас қараны-ақты.
Ана жер сийнесин қапласын гүллер,
Ҳадаллық қоллағай адамийзатты!

Қорқынышлы емес, даўыллы теңиз,
Толқынлар қойнында болсам да,
Тамам!
Тек, мынадан зәррем ушады мениң,—
Ар-ҳүжданнан жуда болыўдан,
Қорқаман!

Ҳақыйқатлық бүлип жүрсе,
Әзәзүллик күлип жүрсе,
Жораларым, жүз үгирсе,—
Қорқаман!!!

*Июль, 1979-жыл.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖАЛҒЫЗЛЫҚ

*(Баллада – әпсана.)*

Дүнья билмес,—
Сатқынлық қылып,
Бурынғыдан зор болғанларды.
Еситкенбиз,—
Елден шығынып,
Ақырында, хор болғанларды.

Мен билемен,—
Ийттиң өлими,
Ондайлардың түсер басына.
Ондайлардың қараңғы күни,
Тек, қузғынлар қонар қасына...

* * *

...Бөлекленип баратыр екеў,
Жырақ салып елден қарасын.
Олардики,
Бузыў-жарыў, жеў,
Пәслик толы,
Сезим- санасы.

Не жетиспей баратыр олар,
Дым ашқарақ, жебир көзлери.
Адамларға қарсы оқ жонар...
Бузық еди, суўық еди—
Пейли, түри-түси, сөзлери!

Себил болып,—
Көллер, шөллерден,
Тоғайлардан, асты таўлардан...
Океанлардан арғы еллерге,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Миллион-миллион табармыш,
Барған!

Буўырқанып турды толқынлар,
Басын тасқа урды толқынлар,
Бетин былай бурды толқынлар;
„Булар, —
Аш бөрилер!
Қорқыңлар!...“

...Жерде, суўда қуўалап даўыл,
Зәррелерин ушырды бираз.
Сабалады нөсерли жаўын,
Көк теңиз тек, түтигип турар.

Келгенлерди ҳүрмет қылмады,
Бул материк қайта,
Ғәзепли!
Адам түўе, —
Жанлы-жәнўарлар,
Инлерине зытқандай, мисли.

„Қорқынышлы-аў, —
Дым қорқынышлы...“
Басқа түўе, —
Өзлерин сатты.
Кеўиллери, қара-сур түсли, —
Анаў жатқан тастан да қатты!
Балаларды, соншa ҳарамлық,
Көзлерине, —
Күйик реӊ дала.
Көкиреклери еди қараңғы,
Хәмме нәрсе, сонлықтан қара!..
Екеўи енди, тапқан олжаны,
Уйқылары келмес бөлиспей.
Көзлери аш, — суқлы қоллары,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бериспейди,
Ҳәргиз өлиспей.

Аңлысып-ақ, атырып таңды,
Не ҳийлени ойлады булар.
Ишлеринде бир отлар жанды,
Бәс тигисип ойнады қумар!

...Сол түн,
Айра салды досларды,
Сол түн,—
Көрди, асқан зулымлық!..
Ол!
Қанжарын қайымлап барды,—
Ҳәм силтеди...
О, сумлық,
Сумлық!

Жаралы жан шапшып, уйқыдан,
Аш бөридей улып жиберди!
Аўылласы,—
Қутылмақ будан,—
Кегирдегин жулып жиберди!...

Қара басы қалған бәтшағар,
Қанлы қолын сүртип пешине.
Жолдасының қоржынын „қағар",
Ҳәм қарайды, оған өшиге.

...Ол илбиўде,
Асып белеслер,
Беденлерин аяз қарпыйды.
Қумлар,—
Алгын болып елеслер,
Пәнже урып, аңдай тарпыйды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ақ таcларды терер стеклеп,
Өршеленип,—
Уйтқыр борасын!..
Оны әжел барар жетеклеп,
Қарманады,—
„Мен мындалайды“,

Шақырар ол өлген жорасын.

* * *

...Жер тарпыды, топырақ шашып;
Өкирди ол!
Қан көрген малдай.
Қанлы көзин тарақлап басып,
Ол, недендур сескенер,
Қашып.
Көкиреги ҳәўлирер,—
„Ўай-ўа-а-а-а-ай...!“

Таргылланып шықты даўысы.
Шимиркенип „дирр“ етги
Таў-тас.
Қанга жерик, жардагы кузғын,
Қулай жазлар,
Тек, жайып қулаш,—

Қорққанына,
Шыңғырған сестен,
Ғарқ-ғарқ етип жиберди күлип...
Табанларын оның тас кескен,
Қанлы изи жатар билинип!

„...Жексурынман!
Неткен сорлыман?!...
Шермендемен, ел-журт алдында.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көз алдымды басыўда думан,
Түрим адам,—
Нағыз малғунман!

Қайда семген?!
Жулдыз, ай, қуяш,
Адым атсам алдым шыңыраў.
Тамағым аш,
Үстим жалаңаш,
Аңсат екен қулаў, уныраў.

Өртеп жибер,
Мениң денемди,—
Гүркирең көк,
Ойнаңлар жасыл?!
Басқа ҳеш бир қалмагай белги,
Тек, бир қысым күл болып қалсын...

Мениң қара көкирегимди,
Жақтырталмас,—
Мына алтынлар!
Сипсе болгыр, бул сүйегимди,
Жоқлаўшы да шықпас
Халқымнан!

Излеў түўе, баспас тилине,
Болдым ақыр,—
Бетлерге шүйел!...“
Суў қуйылды,
Сол сәт үнине,
Жел уйтқыды,
Қуйып өтти сел...

Тайгақ тастан қулады аңсыз,
Ең ақырғы деми сарқылды.
Желди қушып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ол, жатты жансыз,
Етегинде.... таўдың алғынлы!

* * *

Бүлбил қонсын, гүл шақасына,
Бахыт қонсын елдиң басына,
Ҳеш адамның пешанасына,
Басылмасын, сирә,—
Жалғызлық!

Ғарғыс атқырларға жарассын,
Жортқан қасқырларға жарассын,
Тек те, сатқынларға жарассын,—
Жалғызлық!...

*1979 жыл, сентябрь.*

## АЎЫЛ ТАҢЫ...

... Түн қуслары сайрайды не бир,
Көк ийиси сондай аңқыйлы.
Алар дала ишинен демин,
Кеңисликте тек ай қалқыйды...

Таң атыўда шығыс лалаплап,
Таң шапағын қушқан керегем.
Жас жыңғыллар, қарабарақлар,
Гүзар жолдың бойын безеген.

Қуяш нуры көктен қулаған,
Қарлығашлар ушар сарқылып.
Тандырлардан түтин шубалар,
Анаў көкте турар шаншылып...

...Ақ соқпақтан келер толған Ай,
Майыстырып дүўден себети.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Оған өзге ашық болмағай,
Изин өбип ерер төбети.

Арыў қыздың ким билсин ойын.
Динде отыр, зуўала жайып.
Шашларынан сыйпасам оның,
Кетермедим,
хәммеден байып!...

*Апрель, 1977-жыл.*

## УНИВЕРСИТЕТ АЛДЫНДАҒЫ ОЙЛАР

Әссалам, саўлатлы имарат,
Алтыннан ардақлы босағам!
Шам-шырақ жулдызлар туўажақ,
Сезимлер өзиңнен от алар...

Жүрегиң дүпилдеп соғыўда,
Әрманлар бойыңды кернейди.
Сан мыңлап келешек жолында,
Шыңлардан-шыңларға өрлейди.

Телегей теңиздиң толқыны,
Шайпалып атқандай гүздеги,
Аллея бойларын толтырып,
Ағылар жаслардың дизбеги.

...Бирмен бүгинги әўладтың,
Билимге кеўилим қуныққан.
Муқамлы қоңыраў жаңласын,
Сеслерин сағынып турыппан!

Мен жаңа тигилген жас шыбық,—
Өзиңнен басланар жаслығым.
Халқымның хызметин тақ турып,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Ислермен,—
Әрманым татлы дым!

Сезимлер мумиядай балқыған...
Гүздеги талларда тербелер.
Ақ мәрмер төселген басқышлар,
Этаждан-этажға өрмелер.

Баслайды сәўлели залларға,
Баслайды „мәнзилге“ саўлатлы.
Нәўпир суў аққандай таўлардан,
Аққандай, жүзлеген тармақлы...

Билимниң мыңлаған шырағы,
Жанып тур жаслардың жолында.
Нур шашты сентябрь қуяшы,
Жүрегиң соғыўда-соғыўда!!!

*1977-жыл, сентябрь.*

## МЕНИҢ СӨЙЛЕР ЖҮРЕГИМ...

Жаным отқа жақпа әй, жанан,
Не десек те, қызсаң айтыўлы.
Сулыўлықтан бийҳуўшдур санам,
Оң жағымнан мисли Ай туўды.

Ышқ соқпағы... Тайдырсаң табан,
Илҳам бизге кетер дарымай.
Өмир, турмыс—бир тайпақ самар,
Бахтымызды қосып қарығай?!

* * *

Бәҳәр. Гүллер, Наўрыз байрамы,
Қуўанышты тең бөл[illegible]

www.ziyouz.com kutubxonasi

Еринлериң сүттиң қаймағы,
Кеўиллерге кел, енисейик.

Ақ көйлекли әзиз „периштем“,
Тоты қустай турдың сыланып.
Көкирегим кеп-кең көриктей,
Бир терең дем алды,
Қуўанып.

Көзиң мисли жулдыз, ойнақшыр,
Шоқ сезимиң түндей қалғымас.
Айналаға заўық орнаттың,
Илҳам қусым, уш-уш қарлығаш!!!

*1977-жыл, апрель.*

## МАТЕРИКЛЕР ТУТАСЫП АТЫР...

Океанлардың нар толқынлары,
Жер—кемесин шайқалтып атыр...
Гейде жуўас,—
Гейде қәҳәрли,
Шаплығады, жар қақшып атыр.
Ақ көбигин шашып атыр!

Илаҳийда нурлар арқалы,
Материклер турар тутасып.
Жер шарының тозбас қалқанын,
Қыйратпақшы, таўып қалпалын,
Көрмедиклер отыр жутасып...

...Ҳақыйқатлық нуры парлайды,
Түн аңлары көзи қамасып,
Топарлары барар тарасып,
Бир ләрземге салып таўларды,
Ҳақыйқатлық сазы жаңлайды.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Океанлардың нар толқынлары,
Гейде туўлар, гейде жуўасыр.
Илаҳийда нурлар арқалы,
Материклер тутасып атыр!!!

*1977-жыл, июль.*

## ҚЫЗҒАНЫШ

Пал ҳәррелер гүлге пәрмана,
Ушып келип үймелескендей.
Қызғаныштың дәрт арбасына,
Жегилгеним ырас,
Сескенбей...

Аўзын ашып аўдиторияның,
Бир жигит жүр, бети қап-қалың.
Оған күлип бақпа, сен жаным,
Басқа жақтан,—
Басқа жақтан салсын соқпағын?!

Актер жигит оғыры кербаз,
Тықыршыйды, шыйырып муртын.
Аяқларын басады ғаз-ғаз,
Жылтыратып келип жүр сыртын.
Ашпа ҳәргиз!
Ашпа оған ышқыңның қулпын!?

Саған таныс сүўретши достым,
Байқайсаң ба, өзиңе ашық.
Тыңла
Оның кеўили бос дым,
Бирақ, саған емес минәсип...

Не қылайын досты табалап,
Портретиңди енди салажақ.
Саған инам етип „өзиңди“



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бақырайтып қойып көзимди,—
Мениен сениң тартып алажақ.
Жигитлерге сени қыймайман,
Айналаңда жүрген қамалап.,.

*1976-жыл.*

## САҒАН АРНАП...

...Саған арнап қосық жазғанман,
Бирин жыртып бирин өширип.
Ийне менен қудық қазғандай,
Ҳәр шуўмағын бир күн көширип.

Шәрт еместей,
Шығыў баспадан,
Ҳәр сөзине бирақ сақ болдым.
Не десең де, қәлем-хат маған,
О, ҳүрметли „редакторым..."

Қосықларым саған унағай,
Аспанлатар усы,—
дауымды.
Сақлағайсаң тилләә „дуўа" дай,
Оған мениң „демим" салыўлы!

*1978-жыл.*

## МАЙСАЛАР ЫРҒАЛҒАН СОҚПАҚТАН...

Майсалар ырғалған соқпақтан,
Сүйрикли жасқаға келерсең.
Көзлериң жалынлы шақмақтай,
„Қараспақ" ойнасақ жеңерсең.

Аўылдың сен ерке қызысаң,
Сулыўлық тек сеннен табылар.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тигилсем, тигилесең...
Денеме бир дирил жайылар.

Кел, қәне!
Наз етип, буралып,
Көргенлер ақылдан тансын да.
Жазайын көркиңнен жыр алып,
Жүрегим ышқында жансын да!..

*1978-жыл.*

## ЖЫЛ МЕНЕН ХОШЛАСЫЎ

Қонақ келсе күтип аламыз,
Барымызды қойып алдына.
Сарпай сайлап оған жабамыз,
Жайнатамыз шертип сазды да...

Жыл!...
Сән-салтанат пенен сени де,
Асығып жүрип күтип алғанбыз.
Үйимиздиң сыйлы төрине,—
Кеўил,—гилемлерин салғанбыз.

Жыл!
Сансыз ғой, дөреткенлериң
Сайрап атыр даңғыл жолларың...
Кең ҳәм қыснақ көп өткеллериң...
Нелер қойып, нелер болмады.

...Бир тилегим орынланбаған,
Жатсам-турсам сол қыз әрманым!
Дийдарына мийрим қанбаған...
Тек, тислеnип қалды бармағым!



www.ziyouz.com kutubxonasi

...Жыл!
Енгиздиң жаңа дүньяға,
„Муҳаббаттың тат,—деп-шербетин“.
„Әке“,—деген ат берип маған,
Зайыбыма бесик тербеттиң!..

Бирақ, турмыс тәшўишлеримди,
Хошласарда тилге баспайман
Кеўлим мениң тасқын сезимли,—
Ушып жүрген қарлығаштайман.

Жыл!...
Жылжыўда соңғы саатлар,
Дәрўазаңды енди жабамыз.
Тағы жолға шығады атлар,
Және ала-қуйын шабамыз!!!...

*1977-жыл, декабрь)*

## МЕН ЖИГИРМА БЕСТЕМЕН

Мен жигирма бестемен жора,
Қара бала бүгин ессейди.
Ата-ененин аўзы „ораза“,
Ғайбар келин отты көсейди.

Гейде-гейде қабағын шытар,
Жалғыз өзи отыр „тас қалап“.
Қыялларым қус болып ушар,
Сулыўлыққа көзим ашқарақ.

Мен жигирма бестемен жора,
Болып жүрдим кеше мәс бала.
Шүйелме гә баспалық, қалды,
Басымызға түсип машқала...



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ЖИЛЎА...

Қыз ойнаса,
түймелер жың—жың...
Бурымлары белин қушады.
Қанатлары сып-сыплап, қуўдың—
Мисли, өзи болып ушады.

Күлип бақса тек жалғыз рет,
Бир намалар кеткендей жаңлап...
Дәргайында мудамы гүзет,
Сынға салар, бар аўыл-аймақ.

,..Қыз жилўасы үзген шынжырды,
Ҳадаллыққа болар арапшын.
Аққан ылай суўды тындырды,
Қайтарады жүзин жарақтың.

Туйғыларды баўрайды жилўа,
Жалт етеди мисли жылдырым.
Диз бүгеди, патша да, қул да,
Еситкенде сыңғыр-сыңғырын...

* * *

.,.Тоты қустай сылынасаң сен,
Көзлеримди көзиң ойнатты.
Күш сынассақ, жығаласаң сен,
Кеўлиң тереӊ, кимлер бойлапты?

Шығып атыр демим тереңнен,
Көкирегим кеп-кең көриктей.
Жанарларда турқың шенелген,
Сонша суқтап жүрсең „көзикпей“...,

Жылаўында ойын-заўықлар,
Кеўилиме мениң нур қуйдың!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жас жүреклер енди қаўышқай,
Аңсаўдаман, сыңғыр-сыңғырын...

*1976-жыл, февраль*

## ЖАДЫРАП ТУР АНА ТӘБИЯТ

Көкиректе илҳам молшылық,
Көгис мақпал жерге жайылған.
Көшелерди барар толтырып,
Жипек көйлек кийген арыўлар.

Студент қыз бүгин кеўилли,
Балконында жатақхананың,
Мойыл шашы жапқан өңирин,
Айдан зыят деймен жамалын.

Көкиректен сезим урланып,
Жалтаң етер бизди тәўир-ақ.
Күлкисинен толқып қызлардың,
Жадырап тур ана тәбият.

*1977-жыл, апрель.*

## КЕЛ, АРЗЫЎЛЫМ! БОЛ, МАҒАН ШӘШМЕ...

Исмиңизди билмедим ҳәтте,
Текте, мәлим, аўылың, жайың,
Сени күтип,
Мектебиң бетке,
Мен көзимниң жағарем майын.

Жағасында күтерем сайдың,
Оқыўыңнан қайтарең кешлеп.
Өзиң менен тиллесиў, қайғым,—
Барсамдағы, қулшынып дәслеп...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әтирапқа тынышлық шөккен,
Шырылдайды тек ғана шекшек.
Аппақ булытлар, ақ жамғыр сепкен,
„Мәстан мама“ қағады пөстек.

Тораңғылға сүйенип әсте,—
Тың, тыңлайман...
Жоқ еле дыбыс.
Кел, арзыўлым...Бол, маған шәшме,
Тәбияттай алайын тыныс?!...

*1976-жыл, апрель.*

## ТҮНГИ НАҒЫШЛАР

Жылқышы қус тынбай шақырар,
Сайрар бүлбил сонша үзилип.
Ақ теректиң уша басына,
Қалғандай ай мисли илинип.

Жок аспанда асықтайын булыт,
Қус қанаты, сести ап-анық.
Тамшы-тамшы жайнар меруерт шық,
Түн даланы жатыр дастаңып!

Көк аспанның белбеўи мисли,
Кең гүзардай қус жолы ақшыл.
Жулдызлардың гүмис сәўлеси,
Суўда,—
Суңгип, қалқып ойнақшыр...

## СЕН ТУЎЫЛДЫҢ...

Сен туўылдың...
Толған яңлы кемисим,
Кеңейгендей,—



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеңейгендей өрисим.
Бәҳәримсең бағымызды жасартар,
Меҳримиз бар,—
Сөнбес қуяш сен ушын!

Сен арқалы даўамланар жаслығым,
Ҳәм татарсаң дәмин душшы-ашшының.
Ата-анама,
Аялаған ақлығын,—
Ҳәзир сениң күлкиң керек ем ушын!

Сен туўылдың...
Көзи ашылды булақтың,
Аңғар табыў аңсат емес бирақ, дым.
Ойлан,—
мәнзиллерге сен адым аттың,
Ойлан, азамат бол?
Атлан, ел ушын!

*1977-жыл, октябрь.*

## АМАНАТ

Сениң әкең,—
Мениң жан жорам,
Бизлер менен мәңги хошласты.
Анаң қалды, болып боз-боран,
Олар үш жыл ғана қосласты...

Мен, мынаны айтайын саған,
Ол, адамның еди адамы.
Не жигитлер әкеңе яран,
Журт таныйды жақсы таманын!

Ондайлардың орны бөлек ғой,
Душпанын да сыртынан саймас.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жигит еди алагөлеклеў,
Жигирма бес жаста еди саррас.

Қызыў иси тартпасын салқын,
Әке әрманларын ушластыр.
Бас ушында „шырақлар“ жансын,
Жас қәбирин гүл менен бастыр...

...Әкең менен аўыр-жеңилди,
Бирге қолласқан
Мына,—
Мына қолларым менен,
Оны, қыймасымды көмип атырман!!!

Сести „тық-тық“ беллердиң ньшлы,
Жүреклерди ләрземге салды.
Қас қағымда әкең тап мисли,
Дүмпешикке айналып қалды...

Улым!
Жалғыз тилегим тағы,
Болсын сенде дослық, әдалат,
Инсанлықтың алтын таж-тағы,
Жан әкеңнен саған,—
АМАНАТ!!!

*1977-жыл.*

## ГҮҢГИРТ ТҮСЛИ КӨЗ ӘЙНЕГИҢНЕН...

Гүңгирт түсли көз әйнегиңниң,
Аржағында күлген жанарың:
Мисли думан ишинде едим,
Тоқымланған тайдай жабағы,
Жүрек туўлап,
Сулқ түсти тағы...



www.ziyouz.com kutubxonasi

Гүңгирт түсли көз әйнегиңнен,
Жүзим қара болып көринер.
Аяғыңның асты ойлы-дөң,
Барлығына...
Барлығына бийпәрўасаң сен!

...Болмасам да айбат шеккен шер,
Айтпа, сағал болып улыўды.
Айналаңда жортар „бәрилер“,
Неге сениң,—
Неге сениң көзиң жумыўлы?!

Геўгим тартқан көз әйнегиңнен,
Жанарыңды көре алмайман мен...

*1977-жыл, июнь.*

## БӘҲӘРДИҢ ЖЫЛЛЫ ЛЕП САМАЛЫ ЕСТИ...

Бәҳәрдиң жыллы леп самалы ести,
Айырықша ләззетке бөлеп жанымды.
Сыңқ-сыңқ күлип аққан булақтың сести,
Еслетер бота көз сол нәзәлимди.

Алыстан ынтығып қарайман тез-тез,
Бийик төбелерден қуяшлы кешге.
Интизар көзлерим қадалса бир гез,
Қапталға тайсалып кетерең әсте.

Булақтан сылдырлап ағар тынық суў,
Жүректен жай алған сол нәзик күлкиң.
Ығбал соқпағымыз болмағай бурыў,
Жайнасын муҳаббет гүли, Сүйиклим!

*1972-жыл, апрель.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ТИЛЕК

Қосығымды енди қайтып,
Жүрегиңе тоқыма?!
Шарпылмаспан,—
бұннан артық,
Көзлериңниң отына...

Өмир деген шалқар теңиз,
Туўлап атыр шайпалып!
Бағдары жоқ ҳәм ескексиз,
Жүзер,—
Сен минген қайық...

*1978-жыл.*

## БӘҲӘР ҲӘМ СЕН

Бәҳәр, сениң сулыў жанарың,
Жүрегимди турар қыздырып.
Наз ҳәйкелин тақтың жананым,
Тек, сырғыңнан бақтым шулғынып.

Ҳүрден ағла қәдди-қәўметиң,
Бурынғыдай күлип киятсаң.
Инам етер едим, ҳәммесин,
Бул дүньяда нени унатсаң.

Сени сүйиў уллы ғәниймет,
Құшағыңда талсам туншығып.
Муҳаббетти жүрмен әдиўлеп,
Етежақпан, оған қулшылық.

Толқынлансын назлы күлкиңнен,
Бәҳәр тоқып қурған шымылдық.
Ақ тамағың тур-аў, бүлкилдеп,
Алмадайсаң писken уўылжып.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Отырыппан жулдыз жамылып,
Әх, арыў қыз! Көзде қуңқарым.
Таңларымыз атар тамылжып...
Бәҳәр, бахтым, сен кел, шиқарым!

*1977-жыл. апрель.*

## „ҚЫЗЫҚ!..“

Кеўиллерге жуўық нәрселер,
Гейде жүдә,
Суўық нәрселер.
Бетлеримиз шимиркенбестен,
Дермиз оны, „қызық нәрселер“.

Қошқарларды дүгистиремиз,
Өшестирип,
„Ур-ҳа-ур“ қурып.
Әззилигин айтып жүремиз
Күлемиз-аў,
Неге күлемиз!—
Майырылса, шақы омырылып.

Үйретемиз қусты, ийтлерди,
Аң изине сөйтип саламыз.
Жараланған қулан-кийиклерди,
Көрген гезде заўықланамыз.

Сахна...
Екеў жүрсе арпасып,
„Қызық“ десип, кирпик қақпаймыз.
Отырамыз, кеўлимиз тасып,
Нәкәслыққа қол шаппатлаймыз!..

Эх, нетерсең!..
Пейли-ықпалы,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бузық адамлар.
Усылардың неси қызықлы,
Қызық адамлар!!!

*1979-жыл, май.*

## АДАМ БОЛАЛМАЙ-АҚ КЕТТИ ОЛ...

Сөз тыңлатып, шар тәрепине,
Барған жерин той-думан етти.
Бәлент болды мәртебеси де,
Созған жерге қолы да жетти.

Дәўран сүрди,—
„Бардики-бардай",
Соңша байлық бойына сиңди.
Машиналар,—арғымақлардай,
Не қыйлысын әрмансыз минди.

Көп нәрсеге жетсе де күши,
Туўыры бир туғалмады жол!
Бәринен де өкинишлиси,—
Адам болалмай-ақ кетти ол!..

*1979-жыл, октябрь.*

## ТЕК „АҲ" УРАСАҢ!

Бойыма сен шырматыласаң,
Ессиз ғана сүйетуғындай.
Сөйтесең де,—
Тек, аҳ, урасаң,
Жүрекгенең күйетуғындай...

Неге жанып, неге күймесин,
Шын кеўилден ҳеш тил жармайсаң.

www.ziyouz.com kutubxonasi

„Сүйсмен" деп, „бахытлыман" деп,
Тек, өзиңди,—
Тек, өзиңди алдап-арбайсаң.?

Талпынсаң да маған қаншелли,
Сонша узап баратырыпсаң.
Қайтпассаң хеш!
Бул пешанама,
Күйик ушын...
Күйик ушын жаратылыпсаң!

Сонлай татыў жүрсек те жасап,
Кеўлимиздиң шалсақта ығын,
Бир-биреўди сүйе алмасақ,
Сениң,
Мениң,
Бахытсызлығым!..

Ессиз ғана сүйетуғындай.
Қушағымда шырматылсаң,
Жүрекгенең күйетуғындай,—
Сөйтесең де, тек, ах урасаң!

*1979-жыл, май.*

* * *

Дәрья,
Ийрим тартар, туўлайды ағыс,
Ылақ ойналғандай тапланды қамыс.
Хәргиз умыт болмас...
Бундай азаплар,
Таң сәхәрде күшикледи жолбарыс.

Баласына тасып услаған аўын,
Ықтырмасы болды, сынсыса даўыл,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жыллар өтти...
Сол қартайған анасын,
Дүт тоғайда таслап кетти тас баўыр!

*1975-жыл.*

## АШЫҚЛЫҚ...

Кеше сени көрип шадландым,
Жанатуғын бахтым бар екен!
Суўдан кеўип жатқан аңғардың,
Ағатуғын ўақты бар екен...

Сен бир кирмей кеткен бағлардың,
Сарғайғанды жапырақлары.
Гүзде геллекленген таллардың,
Бәҳәр келсе,
Шығар қартлары.

... Келиспейди маған қайқылық,
Сезимлерим кемик пордайсаң.
Киятырман, сымдай тартылып,
Нәзериңди сала ғойғайсаң...

Айыплыман,—
Гәптиң утырын,
Таппай, мәзи бағыппан ыққа.
Жүрегиңе жол салыў ушын,
Бара алмадым жағымпазлыққа...

...Кеше сени көрип шадландым,
Жанатуғын бахтым бармекен?!
Суўдан кеўип жатқан аңғардың,
Ағатуғын ўақты бар ма екен?!...

*1977-жыл, 30-апрель.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ДӘРЎАЗШЫ

Дуйым журтты калдырып тәсийн,
Аяғында геўишсиз мәси.
Көзин таңып өрмелер жылдам,
Ала жиптиң үстинде қылдай,
Най сестине елигип сондай,
Шар базарда дәрўазшы ойнар...
Табжылмас хеш, мықлы баканлар,
Дөгереги ҳалқа жасалған.
...Шуўлап коя берди аламан,—
Қолдан кетти узын қада да.
Тынды бирден сести де найдың,
Дәрўазшының ҳалы неғайбыл...
...Қәдемимиз басылса жансақ,
Биз ғапылда жанамыз-жансақ.
Керек-ак гой, епшиллик аз-маз,
Турмыс бизге курылған „дәрўаз".
Көкирекке куйылың „сазлар",
Дәрўазшыға бола гөриң яр!

*1977-жыл.*

## ӘРМАН

Толқыннан, толқынга-толқынға,
Қайықлар баратыр өрмелеп.
Шоршынба, жүрегим, шоршынба?
Даўыллар жулқынар, берме ерк.

Тынбасам жетермен жағаға,
Талмастан ескекти есемен.
Шарқ урып ушыўда шағала,
Теңизден сирә ўаз кеше ме!

...Өмирде әрманлар портына,
Асықтым,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Көринбес „жер“ еле.
Толқыннан толқынға-толқынға...
Өрмеле, қайығым,
Өрмеле!!!

*1975-жыл, декабрь.*

## СҮЎРЕТ

*(Қыдырбай аға Сайыпов Қарақалпақ суўретлеў искусствосындағы дәслепки қарлығаш еди..)*

Баска жұрттың топырағында,
Өз елимниң көрдим жамалын.
Жутқан янлы болдым мен сонда,
Еркелеп бир ескен самалын.

„Сүўрет“,—дей де алмайман, шыным,
Аўылыма болдым келгендей.
Ийиси ана топырағымның,
Көкирегиме шым-шым енгендей!...

* * *

...Қызлардың ләм кирпиклериндей,
Кистиң,—
Нәзик дирил қаққанда:
Қосыққа сыймайтуғын сезимлер,—
Дуўтарға және перде таксаң да,—

Бул өмирде шертилмейтуғын,
Намаларды сөйлеп береди.
Сүўретлериңди ҳеш өлмейтуғын,
Талай әўладларың көреди!..



www.ziyouz.com kutubxonasi

Бар гөззаллық сен барда ояў
Бир толы Ай един түнлерге.
Жүрек қаның болған ғой
Бояў,—
Таң нурына, қызыл гүллерге!!!
Айтатуғын,—
Мақтаныш қылып,
Ул болғансаң туўған жериңе!
Ашық еди толы журтшылық,
Сениң салған сүўретлериңе!!!

*Июль, 1979-жыл.*

## ДОСТЫМА

Бир уяда өскен суңқардай,
Бир аўылда ержеттик бирге.
Дуўтардағы қос жипек тардай,
Айлы түнде сыр шерттик бирге.

Ақ тақырда жуўырыстық қанша,
Бәйгидеги тулпарлар яңлы.
Дала гүлин көзимиз шалса,
Кеўил шалқып боларек шадлы.

Дәрья бойын тынбай шарладық,
Қалың тоғай, шатлы жигилдик.
„Қара көл" ден сүзгенде балық,
Төбемизде шырлар дигилдик.

Әтирап ақ жамылса таңда,
Қуўаныштан жайнар жүзимиз.
Тым-тырыслық. Келермиз алға,
Қар бетинде қалар изимиз.

Өткен күнге көз салсақ шолып,
Талпындырар келешегимиз.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Халықтың сүйген уллары болып,
Өмирде де қалса изимиз?!

*1971-жыл, декабрь.*

## ИЙТ ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚ

Ийт, деген ат саған миясар,
„Бөрибасар", буны уғасаң.
Келгенлердиң бойына шапшып,
Көзлериң ақшыйып,—
Шабаланып үрип шығасаң.

Минезиңе қанық адамлар,
Қалтасына салып келер нан.
Иззетиң мол бул ашналарға,
Бос келгенге пейилиң дым тар.

Хожайының тапқан аўыннан,
Дәм татса да бетер жаўыңнан.
Үргишлигиң ушын унатар,
Сатыўға да гейде қайымлар.

Әлле неткен биреўлер,
Тумсығына дорба илдирип,
Жетеклеп жүр қарғы баўыннан!

Нәпсиң қызыл түлки, қуўасаң,
Күшик емес, „шайтан" туўасаң.
Не десе де, десин дегенлер,—
„Ийт",—деген ат, саған миясар!

*1976-жыл, декабрь.*

## ЖУЎАП

Нәзеримнен излеп жубаныш,
Көзлериме телмирме мудам.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Кеўлим мениң бир ғайры нағыш,
Кеўлиң сениң сейилмес думан...

„Сүйиклим!“ деп жазынсаң хатты,
Ләблеримди дегенсең „набат“.
Әрманларың оғыры татлы
Ышқы бизди егер ме абат?

Неге керек, соншелли налыш,
Неге керек, соншелли гуман...
Нәзеримнен излеп жубаныш,
Көзлериме телмирме мудам!

* * *

Қосықларың таппы ийесин,—
Журегиме қөшти сездирмей.
Ойларымда жоқ еле шешим,
Егленермен,
Бақшаңа кирмей.
Тилим бармас!
„Кет!“ деўге аўлақ,
Жатсынбайман,
ышқы-ингонды.
Көкирегиңнен жарыла жазлап—
Атылажақ сездим вулканды.

Оттың-суўдың ығына түстим,
Биз басқаға яр ек, „әсир“ек.—
Бүй деп жуўап жазыў дым мүшкил,
Онда саған дарыр хәсирет...

Басқа қыздан бахтыңды изле,
Тода-тода „куўлар“ ушады.
Иләжсызбан,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Етпегил, гийне,
Инкарыңның бәнтдур кушағы!!!

*1976-жыл, апрель.*

## ҚОСЫҒЫМА

Жүреклерде буйығып жатқан,
Сезимлерге ушқып болып тий.
Қуяштай бол, шуғласын шашқан,
Сулыйлықтың бар липасын кий.

Сыңғырлаған гүмис күлкидей,
Ләззет әйле, қосығым жанға.
Оқығанға тиймс түрпидей,
Сырлы саз бол, жуп жипек тарда!

*1973-жыл.*

## КӨРГИМ КЕЛМЕС...

Бир-бирине қылаплық жасап,
Адамлардың „түлки" болғанын,
Таңылғанын, сөзлерге насақ,—
Жақсылардың күлки болғанын
Көргим келмес!...

* * *

Пәс тутпасын адам-адамды,
Ҳақыйқатлық бәрқулла,
Жеңсин!
Кеўиллердн,—
Гейбир, қараңғы,
Аппақ нурлар жуўып жиберсин!



www.ziyouz.com kutubxonasi

## АЎЫР

Мың гилдиман болсадағы тас
Мың салмақлы болса да таўың.
Көзден тамған жуп тамшы жас,
*Бәринен аўыр!..*

*1979-жыл, октябрь.*

## ОНДА БӘҲӘР ЕДИ...

*Онда бәҳәр еди...*
„Қуўаныш жарма",
Ҳалласлап ағады, жилўалы ағыс.
Онда, айналада сендей қыз бар ма,
Көз алдымда един таранған таўыс!

...Сонда хат жолладым саған сәрбиназ,
Жүрегимди ышқың шулғытқан қашшан.
Өзгерипти пасыл, үй бетинде жаз,
*Илҳам дарыыпты суў алған жасқаң...*

Қуштар болмасам да гезенделикке,
Жаяў сегбир тарттым сол бир жыллары.
Әрманым,—жолдасым қалмадым жекке,
Алдымда ырғаллы бағлар миўалы!

...Және бәҳәр келди, шарқ урар қуслар,
Бағлар қушағында гүллер етер наз.
„*Жолымды торыды демегил сырттан*"...
Буны жүрегимнен сораң сәрбиназ!

*1975-жыл, 16-март.*

## САМАЛ ҚАҚҚАН АЗАНҒЫ ШЫҚТАЙ...

Бар үмитим жоққа шықты, ушты қуйындай,
Сезимимди сезиниўден, тандың ба, енди?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Әрманларым шашаўланған таң жулдызындай,
Жүрегиңде сап ышқымнан қалды ма белги?!

Жанарыңды тек бәлентке қадап арыўым,
Гиняратсыз ойларымды кеткенсең уқпай.
Қуттим жүрегиңде ышқы оттай жаныўын,
Ышқың сениң, самал қаққан азанғы шықтай...

...Өкинишли,—
Жүрдик бир гез қызыққа батып,..
Тәғдириме налынсам да сол да ығбалым,
Сүттен де ақсаң, кетсеңдағы қайғыға
шатып,—
Қосықларым, сен ҳаққында әзиз дилбарым!

## ТӨРТЛИКЛЕР

Аққуў пәрлеринен тақса да ғарға,
Енер „дүбелейде" қаралығына.
Уллылар басында болса да ғаўға,
Дүнья бас ийеди даналығына.

* * *

Бәйгиде сүриигип майырылды жорға,
Еки көзи мисли от болып жанды...
Қаршыға ғапылда оралды торға,
Шыңларға шарықлап ушыўдан қалды.

## СЕН НӘЗӘЛИМ ҚЫЗСАҢ...

...Сен нәзәлим қызсаң шынында,
Жигитлерди ҳуўшитан айырған.
Қасларыңды айтсем қыйылған,
Қарашығың түнлик жабылған.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Нәўше гүлсең, қызсаң өспирим,
Жүрегинди нелер қытықлар.
*Шаң қонбаған гүллердей жүзиң,*
Адамларға ләззет усынған.

Саған қызық, телмирискен көзлер,
Жүрегинди жүрер ойнатып.
Жандырады—
Бар сондай гезлер,
Таслаўы да мүмкин тоңлатып!

Көшпе булытлар гейде жаўмайды,
Тек, бүркейди күнниң дийдарын.
Қыялыңды нелер таўлайды,
Өткинши ышқ,—түнек дилбарым!

Жолы оның қылдай жиңишке,
Көзсиз болсаң, қыйындур ҳалың...
Арыўлардың орны бийикте,
Гөззаллығы мына дүньяның!..

*Май, 1976-жыл.*

## МЕНИҢ МУҲАББЕТИМ

Сен ҳаққында ойларым шийрин,
Бәҳәр паслы, бир миййўели бағ.
Сырым нәзик, қанады миййриң,
Кеўилиңе түйме етип тақ!

Жүрегимниң сан мың толқыўы,
„Тентек жап" тың аққаны булқып!
Жапыракларын жуўып таллардың,
Көк майсада тунған мерўерт шық.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шөлиркедим ышқына нағыз,
Жүрегимде ғыжлады әптап.
Саған деген ықласым ҳа, қыз,
Кеўилимде гүл киби аппақ!

*1976-жыл, октябрь.*

## АҚ КӨЙЛЕКЛИ „ПЕРИШТЕМ..."

Хош қылықлы қызсаң сүйиклим,
Сен дегенде болдым серлирек.
Жантаспастан шетлеў қыйыстың,
Ақ көйлегин барар желбиреп...

Көзлеримиз түйисер бир гез,
Жүрегимде шақмақ шағылар.
Нәзеримнен тайсаласаң тез,
Кирпиклериң тез-тез қағылар.

Алып қойып жүрек гилтимди,
„Ҳәмириме бағындың" дейсең.
Сыңғырлаған гүмис күлкиңди,
О, қаншама сағындым дейсең?!...

...Мен гүзеттим сонда таңларды,
Жасыл ҳәрем, сен отырған жай.
Тербетилген майда таллардың,
Арасынан сығалайды Ай.

Кел, сүйиклим!
Аўыл бағына,
Кеште сейил етейик жаным.
Түсинсейик ышқы сазына,—
Тек, өзиңсең мениң ырғағым!

*1973-жыл, апрель.*



www.ziyouz.com kutubxonasi

## ОЙЛАРЫМ СЕН ҲАҚҚЫНДА

Ағар суўлар, ағар тынбастан,
Шырайланған жасыл жағыслар.
Ағар суўлар, ағар тынбастан,
Қыяларды тартар ағыслар.

Туқым төгер гүллер гүздеги,
Батар күнлер, таңлар атады.
Көз алдыңнан көшлер дизбеги,
Әстен жылжып өтип жатады.

Жыллар өтер, изли-изинен,
Өмирдиң ҳеш өзгермес заңы.
Солар гүллер,
Бирақ, түбинен
Жаңа нартлар көгерер тағы.

Ырғалысып нәрўан қамыслар,
Самал ессе нама шалады.
Кеўлимдеги өшпес нағыслар,
Эҳ, қыз!
Сени еске салады...

* * *

Алыслардан көзге шалынған,
Көзлериме ысық шоқ таллар.
Жаз,—
Далалар шыққа малынған,
Аўыл таңы қаншама гөззал.
„Тентек жап" тың жасқасын таўып,
О, арзыўлым күттим қаншама!
„Ал—дейсең бе,—басқасын таўып,—
Көп,—дейсең бе, гүллер бақшада".



www.ziyouz.com kutubxonasi

Шекериниң сыңғыр-сыңғырын,
Қалды мине, қулағым шалып.
Ийбе сақлап келерсең, ҳүрим,
Ийнңағашты ийниңе салып.

Мәш атызды бөлген соқпақтан,
Жилўа менен өттиң нәзәлим.
Гүналыдай қалдым қыйпақлап,
Қыя бақтың,
Бәлент нәзериң.

Қырдың қоңыр кийиги янлы,
Отлы көзиң тур-аў, мөлдиреп.
Жүрегимниң сен шерттиң тарын,
Кеўлим мумдай кетти елжиреп...

* * *

Ойнегициниң кешки жақтысы,
Сыйқырлы бир күшке мегзейди.
Уйиңиздиң „үлкен" сақшысы,
Жатты көрсе жаны төзбейди.

Мени саған айдап апарған,
Тәбияттың күши—жел емес.
Шадлыман бир,—
Толып-тасарман,
Мендей ашық болмағандай ҳеш!

„Қызыл перде" мисли қызыл шоқ,
Көре алмай турыппан налып.
Сен ҳаққында ойлаиаман тек,
Шық сейилге,
Кел, яр, оянып?!



www.ziyouz.com kutubxonasi

Мисли „каракшылай“ алаклап,
Аўыл сыртын айландым жалгыз...
Ылайланып агар „Тентек жап“,
Агыслары, тынбайды ҳәргиз...

## СОНДА...

*Иним Шүкирбайга*

Бәҳәр келсе, ҳәтте түр енер таска,
Жердиң сийнеси де босай баслайды...
Ғаўкылдасып,—
Жалаңбасланып, куяшка,
Дийханлар йошланып қәдем таслайды.

Бундайда әкемиз сирә тынбайды,
Еди, анамыз да мийнетке қайым.
Олар перзент ушын жанын кыйнайды,
Бизден үмит күтер, үлкейген сайын.

Әкемиздиң болды сондай угымы,
Өмирде қарамас еди сүўретке...
„Несине гәп етип отырман буны!“
Сонда қызықлар көп еди-аў,
Үй бетте!..

Аспанда пәл-пәллеп,
Зуўлап,
Қалкыган,
Қуслар курар еди ойын базарын.
Үйимизде шадлық оты шалқыган,
Бәҳәр,—
Онда бәҳәр еди, қарагым!

Қозыдай ойнақлап, секек атарек,
Көкиректи кернеп таскын қуўаныш.



www.ziyouz.com kutubxonasi

Жарыспаққа суўға кесек атарек,
Жүзсек, ийрим тартып, иркеди ағыс...

Эҳ, несин айтасаң...
Қустай шарқ урып,
Тыншыўсыз жасарек, қызық мол еди.
Жақсы түслер көрип,
Жорысып жүрдик...
Көкирегимиз әрманларға толы еди!

Өмир—дәрья,—
Изде қалған ол туслар.
Бәҳәр, жаз пасллы өтип,
Гүз де жетипти...
Бизиң ҳәўлидеги
Уялас қуслар,
Қашшан, ҳәр тәрепке ушып кетипти!...

*1974-жыл.*

* * *

Сирә-сирә, таппадым тақат,
Қыялларым қанат қомлады.
Үй бетиңе баслады мени,
Аўылымның арба жоллары.

Тас төбемнен дөнип турыпты,
Аўылымның көгис аспаны.
Нәзеримде,—
Маған суўық дым,
Адамлардың көз қараслары.

Қоймас, қоймас!
Жүрек шулғыўын,—
Шала өкпемен,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Таппайман дамыл.
Шақырады,
Жарық жулдызым,—
Интизарым... „Бесиши аўыл!.."

*1976-жыл.*

## ЖЫЛАМАСЫН, БАЛАЛАР!

*(1979-жыл, Халық аралық балалар жылына бағышлап.)*

Әўел бастан, пейли тарларға,
Тарлық етип келди,—
Бул кең жер!
Қәнәәтсиз,—қолыңда барға,
Бунша,—
Урыс қумар үлкенлер!..

Олар, салар әжел қармағын,
Ўайран болар кеўил ханалар.
Сум урыстың тартар зардабын,
Ортада тек,
Баллар, аналар!

Кетип атты,
Жазықсыз өлип,
Кетип атты, талып өзеклер...
Бул дүньяға, тек жаңа келип,
Көзин жаңа ашқан бөбеклер!

Олар менен бир туўылып ғам,
Егизегин жалмап,—жерледи...
Болса егер,



www.ziyouz.com kutubxonasi

Тек, бир үзим нан,
Үзилмес те еди-аў демлери!

Раўажланған бираз еллерде,
Тиленшилик етеди олар!
Көз жаслары айналып селге,
Жылаў менен өтеди олар!..

Қанша әрман, жулдызлар сөнди...
Буны дүнья умытар ма?!
Ҳеш!..
Жетер, жетер!
Хорламаң енди,—
Бурын, көргенлери аз емес!

Ақыл-ҳуўшлы, естияр жанлар!
Бүлинбесин,—
Мына, жер шары!
Бунда, миллиард нәрестелер бар,—
Жылатпаңлар!
Жылатпаңлар оларды!

*1979-жыл, октябрь.*

## МАЗМУНЫ


Анам айтар еди . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 3
Адамның кеўили . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 5
*Сен яр, қайтып кел?!* . . . . . . . . . . . . . . . 5
Шыпакерлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 6
Музалар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 7
Хат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 8
Қорсынышлы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 9
Жалғызлық *(Баллада—эскиз)* . . . . . . . . . . 10
Аўыл таңы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 15
Университет алдындағы ойлар . . . . . . . . . . 16
Мениң, сөйлер жүрегим . . . . . . . . . . . . . . 17
Материклер тутасып атыр . . . . . . . . . . . . . 18
Қызғаныш . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 19
Саған арнап . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 20
Майсалар ырғалған соқпақтан . . . . . . . . . . 20
Жыл менен хошласыў . . . . . . . . . . . . . . . 21
Мең жигирма бестемен . . . . . . . . . . . . . . 22
Жилўа . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 23
Жадырап тур ана тәбият . . . . . . . . . . . . . 24
Кел арзыўлым, бол маған шешме?! . . . . . . . . 24
Түнги нағышлар . . . . . . . . . . . . . . . . . 25
Сен туўылдың . . . . . . . . . . . . . . . . . . 25
Аманат . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 26
Гүңгирт түсли көз әйнегиңнен . . . . . . . . . . 27
Бәҳәрдиң жыллы леп самалы ести . . . . . . . . 28
Тилек . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
Бәҳәр ҳәм сен . . . . . . . . . . . . . . . . . . 29
„Қызық" . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 30
Адам болалмай-ақ кетти ол . . . . . . . . . . . 31
Тек, аҳ урасаң . . . . . . . . . . . . . . . . . 31
Дәрья ийрим тартар . . . . . . . . . . . . . . . 32
Ашықлық . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Дәрўазшы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34
Әрман . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 34




www.ziyouz.com kutubxonasi

Сүўрет . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 35
Достыма . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 36
Ийт ҳаққында қосық . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
Жуўап . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 37
Қосығыма . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Көргим келмес . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 39
Аўыр . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Онда, бәҳәр еди . . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Самал қаққан азанғы шықтай . . . . . . . . . . 40
Төртликлер . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 41
Сен нәзәлим қызсаң . . . . . . . . . . . . . . . . 41
Мениң муҳаббетим . . . . . . . . . . . . . . . . . 42
Ақ көйлекли „периштем“ . . . . . . . . . . . . . 43
Ойларым сен ҳаққында . . . . . . . . . . . . . . . 44
Сонда . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 46
Сирә-сирә таппадым тақат . . . . . . . . . . . . 47
Жыламасын, балалар! . . . . . . . . . . . . . . . 48

www.ziyouz.com kutubxonasi

*На каракалпакском языке*

**Хамила Даулетназаров**

**ПИСЬМО**

*(Стихи)*

*Издательство „Каракалпакстан"*
*Нукус—1980*


Редакторы *Ш. Сейитов*
Художниги *К. Нажимов*
Худ. редакторы *И. Кыдыров*
Тех. редакторы *Э. Алламуратов*
Корректоры *А. Әбдиреманова.*

ИБ 732.

Терүге берилген ўақты 27/X-1979-ж. Басыўға рухсат етилген ўақыты 21/I—1980-ж. Қағаз форматы 70х90 1/32 Көлеми 1,625 баспа табақ. 1,9 шәртли баспа табақ 1,5 есап баспа табақ. РК 30065 Тиражы 3000 Бахасы 15 т.

„Қарақалпақстан" баспасы. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9

ҚҚАССР Баспа, полиграфия ҳәм китап саўдасы ислери бойынша баскармасының „Правда" ның 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты, Заказ 518.


www.ziyouz.com kutubxonasi